



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

20 kòd postal nan zòn sansib yo - Konte Brooklyn, Queens, ak Rockland ak Konte Orange - Gen 5.1 pousan to pozitivite

Pozitivite nan tout Eta a sof pou kòd postal zòn sansib yo se 1.05 pousan; 1.25 pousan avèk kòd postal zòn sansib yo ladan

Ogmantasyon resan moun ki entène lopital nan menm kòd postal ki genyen pousantaj enfeksyon ki wo yo

8 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a vizite 596 Etablisman; Obsève 6 Etablisman ki pa konfòm

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Nan 20 kòd postal prensipal yo nan zòn ki konstate epidemi resan yo - Konte Brooklyn ak Queens ak Rockland ak Konte Orange - yo te reyalize 5,311 tès, ki bay 271 pozitif oswa yon to pozitivite 5.1 pousan. Nan rès eta a, yo te reyalize 102,935 tès ki bay 1,089 pozitif oswa yon to pozitivite ki estime a 1.05 pousan.

Gouvènè a te remake ogmantasyon resan nan kantite moun ki entène lopital pandan dènye semèn ki pase yo te fèt prensipalman nan menm kòd postal zòn sansib nan kote n ap obsève ogmantasyon ka yo. Pou 20 premye kòd postal nan kat konte n ap obsève prensipalman yo, pi gwo gwoupman epidemi yo se - Konte Brooklyn, Queens, Orange ak Rockland - kòd postal sa yo reprezante 6.7 pousan nan popilasyon eta a - toujou 20 pousan nan nouvo ka admisyon nan lopital pandan de semèn ki pase yo soti nan kòd postal sa yo.

"Nou te obsève plizyè fwa pandan tout pandemi sa - rasanbleman mas vin tounen yon gwoupman ki ka pwopaje epi tounen yon epidemi si nou pa stope gwoupman sa bonè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kantite nou yo rete bon nouèl, men to enfeksyon nan zòn sansib sa yo 5 fwa sa to a ye nan tout eta a. Restriksyon sa yo pi bon pase retounen nan konfinman an, ki se sa nou te obsève nan eta nan peyi a toutotan to enfeksyon an ap ogmante. Pandan n ap antre nan sezon otòn nan epi n ap

atake gwoupman sa yo, se pral travay tout Nouyokè pou kenbe pwogrè nou an ak travay gouvènman lokal yo pou fè aplike règleman yo. N ap simonte sa menm jan nou te fè sa jiska prezan, lè n kontinye lave men nou, mete mask, rete nan distans sosyal epi lè nou rete New York Solid."

Eta New York kontinye swiv fwaye yo ak yon atansyon patikilye nan milye ki gen zòn sansib yo, ak sityasyon fwaye yo. Pami 20 kòd postal nan konte ki gen epidemi resan yo - Konte Brooklyn, Queens, Rockland ak Orange - to mwayèn tès pozitif ki te repòte bay Eta New York yè se 5.1 pousan. To pou tès pozitif yo pou rès Eta New York la, san konte 20 kòd postal sa yo se 1.05 pousan. 20 kòd postal sa yo gen 20 pousan tout ka pozitif nan Eta New York yè, men reprezante sèlman 6,7 pousan popilasyon Eta a.

Zòn nan kominote sansib yo, prensipalman nan Konte Brooklyn, Queens, Rockland ak Orange, pral kontinye sijè ak efò tès ki sibile ki enkli aksè ak machin tès rapid. Kòd postal nan konte sa yo ki klase pa to pozitif ki pi wo sou yon mwayèn 7 jou, disponib anba la:

COUNTY	KÒD POSTAL	% POZITIF 10/6	% POZITIF 10/5	% POZITIF - 3 JOU AN MWAYÈN	% POZITIF - 7 JOU AN MWAYÈN	% POZITIF - 14 JOU AN MWAYÈN
Orange	10950	13.30%	17.70%	14.60%	17.70%	17.80%
Rockland	10977	10.10%	14.50%	13.10%	12.40%	12.50%
Rockland	10952	8.30%	13.80%	12.90%	12.30%	13.30%
Kings	11223	5.30%	4.00%	4.90%	7.70%	7.10%
Rockland	10901	1.50%	8.20%	4.40%	7.20%	6.50%
Kings	11230	4.80%	5.10%	6.20%	6.60%	6.30%
Queens	11367	5.80%	10.20%	7.10%	6.20%	5.20%
Kings	11210	3.60%	7.10%	5.70%	5.80%	5.50%
Kings	11219	10.60%	5.50%	7.40%	5.40%	5.70%
Kings	11204	5.90%	6.40%	7.50%	4.80%	5.50%
Kings	11229	4.40%	3.90%	4.70%	4.50%	4.10%
Orange	12550	4.70%	2.80%	4.40%	4.20%	3.20%
Queens	11691	4.00%	4.50%	3.70%	3.40%	3.00%
Kings	11249	4.90%	5.50%	4.10%	3.20%	2.80%
Kings	11218	4.00%	2.90%	3.20%	3.00%	2.70%
Kings	11235	2.20%	3.20%	2.70%	2.80%	2.70%
Orange	10940	3.30%	2.20%	2.70%	2.40%	2.10%
Queens	11432	4.80%	1.00%	2.80%	2.30%	2.10%
Kings	11220	2.50%	3.00%	3.20%	2.30%	1.60%
Kings	11234	2.20%	1.60%	2.40%	2.30%	2.20%

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te vizite 596 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi

li te obsève 6 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Manhattan** - 1
- **Nassau** - 5

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 748 (+43)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 129
- **Lopital Konte yo** - 36
- **Kantite ICU** - 176 (+18)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 72 (+0)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 77,267 (+75)
- **Kantite Lanmò** - 8
- **Kantite Lanmò Total** - 25,545

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	DIMANCH	LENDI	MADI
Capital Region	0.7%	1.0%	0.9%
Central New York	0.8%	1.8%	0.9%
Finger Lakes	1.0%	0.8%	0.5%
Long Island	0.9%	1.1%	1.2%
Mid-Hudson	1.9%	2.5%	2.0%
Mohawk Valley	0.5%	0.6%	0.4%
New York City	1.5%	1.4%	1.5%
North Country	0.8%	0.3%	0.1%
Southern Tier	0.7%	1.8%	1.4%
Western New York	1.2%	1.6%	0.9%

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE	DIMANCH	LENDI	MADI
Bronx	1.4%	1.4%	0.9%
Brooklyn	2.5%	2.1%	2.2%
Manhattan	0.7%	0.7%	0.5%
Queens	1.6%	1.3%	1.7%
Staten Island	1.1%	1.8%	1.4%

Nan total 466,908 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	3,233	15
Allegany	130	2
Broome	2,131	105
Cattaraugus	316	5
Cayuga	234	2
Chautauqua	641	5
Chemung	816	31
Chenango	265	2
Clinton	173	0
Columbia	611	2
Cortland	240	3
Delaware	143	0
Dutchess	5,214	9
Erie	11,898	34
Essex	174	2
Franklin	70	0
Fulton	350	0
Genesee	352	1
Greene	366	13
Hamilton	15	0
Herkimer	353	4
Jefferson	176	0
Lewis	53	0
Livingston	213	1
Madison	505	0
Monroe	6,266	18
Montgomery	241	0
Nassau	47,516	124
Niagara	1,842	2
NYC	248,000	548
Oneida	2,490	7
Onondaga	4,636	43
Ontario	502	2
Orange	12,563	70
Orleans	340	2
Oswego	531	2
Otsego	353	0
Putnam	1,661	5
Rensselaer	957	5
Rockland	16,256	66
Saratoga	1,111	8

Schenectady	1,432	2
Schoharie	87	0
Schuyler	59	1
Seneca	112	0
St. Lawrence	337	0
Steuben	585	15
Suffolk	47,089	109
Sullivan	1,629	6
Tioga	291	7
Tompkins	458	3
Ulster	2,335	6
Warren	425	6
Washington	311	1
Wayne	339	2
Westchester	38,628	61
Wyoming	147	3
Yates	67	0

Yè, te gen 8 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,545. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Cattaraugus	1
Dutchess	1
Erie	1
Kings	1
Oneida	1
Steuben	2
Westchester	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)